


# 2015/16 NOUVO AKONPLISMAN NAN @MDCPS



Tradisyon inovasyon ak akonplisman ki ap kontinye nan “Miami-Dade County Public Schools’ (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) resevwa onè entènasyonal, nasyonal ak eta a. Yo gen ladan Prim ‘Broad’ 2012 pou Edikasyon Iben, Prim Meyè Lidè Done Distri pou Ane 2012 Depatman Edikasyon Florid, Sipèntandan Florid e Nasyonal pou Ane 2014 la, Klasman ‘WalletHub’ kòm Distri #1 nan peyi a pou pousantaj pwofi nan envestisman edikasyonèl ak Meyè Kominote pou Deziyasyon Edikasyon Mizik 2015 nan men Fondasyon “National Association of Music Merchants (NAMM)” (Asosyasyon Nasyonal Kòmèsan Mizik).

Ane sa a, M-DCPS ajoute akonplisman sa yo nan lis distenksyon li yo ki kontinye ap ogmante:

## EKSELANS AKADEMIK

- 1 To Gradyasyon nan Nivo Pi Wo Li Janm Rive:** To gradyasyon 2015-2016 Miami-Dade te atenn nivo li pa janm rive, 80.4 pousan, ki depase mwayèn eta a nan lòt gwo distri lekòl nan Florid. Sa make pi gwo to gradyasyon nan M-DCPS.
- 2 Elèv Briye nan Evalyasyon Nasyonal:** Elèv M-DCPS depase pèfòmans lòt gwo distri iben nan egzamen Lekti ‘2015 National Assessment of Educational Progress (NAEP)’.
- 3 To Revisit nan Egzamen ak Anwolman AP Ogmante:** Pou senkyèm ane youn aprè lòt, M-DCPS te ogmante to revisit nan egzamen Advanced Placement (AP) (Plasman Avanse) ak anwolman AP, ki pèmèt Miami-Dade genyen yon plas nan 6yèm Lis Anyèl Onè Komisyon Kolèj la.
- 4 Elèv Dènye Ane Lekòl Segondè Briye nan Egzamen SAT:** Elèv dènye ane M-DCPS te briye plis pase elèv nan menm nivo avèk yo nan Florid e yo te ogmante nòt yo nan Lekti, Matematik ak Redaksyon nan egzamen SAT Komisyon Kolèj yo.
- 5 Lidè nan Prim Lekòl Magnet Nasyonal Ann Amerik:** M-DCPS te resevwa 37 Prim ‘Merit’ Magnet Nasyonal, ki depase tout lòt distri lekòl atravè peyi a pou 5yèm ane suivi. Ane sa a, Distri a ajoute 55 nouvo pwogram magnet/chwa sou lis pwogram ki deja enpresyonan ki gen anpil demand, ki mete total la a 500.
- 6 Klasman Nasyonal pou Lekòl Segondè:** ‘U.S. News & World Report’ te klase ‘Design & Architecture Senior High School (DASH)’ pami 20 premye lekòl Ozetazini e dezyèm nan Florid. Yo te klase kat Lekòl Miami-Dade nan 10 Premye lekòl nan Florid e sèt lekòl pami premye 20 lekòl nan Florid.
- 7 Nimewo 1 nan Akademi Karyè:** Fondasyon Akademi Nasyonal nonmen Akademi Ospitalite ak Touris nan Lekòl Segondè Alonzo & Tracy Mourning nimewo 1 pami Akademi Karyè nan peyi a.

## KONVÈJANS DIJITAL

- 8 Ekspansyon Konvèjans Dijital:** Nou te distribye 43,000 aparèy dijital bay elèv, ki mete kantite total la a 104,000. Aparèy yo amelyore eksperyans aprantisaj dijital la e yo ajoute sou 11,620 tablo entèaktif ki te deja nan salklas M-DCPS yo ak 45 milyon pye kare espas fizik nou te konfigire pou konektivite Entènèt sanfil.
- 9 Modènizasyon “Mobile App”:** Nou te modènize aplikasyon mobil M-DCPS la, ki kounye a ap pèmèt paran ak elèv gade orè klas, wout otobis, nòt jounalye lekòl, kanè, ak meni dejene e repa-midi nan lekòl yo.
- 10 Otobis Lekòl yo Gen Gwo Teknoloji:** Konektivite nan otobis lekòl yo ofri elèv plis opòtinite pou yo etidye e fè rechèch pandan yo nan otobis la. Yon sistèm siveyans ‘GPS’ otobis lekòl bay paran ak elèv kapasite pou yo siveye ki wout otobis yo a ap fè.

## INISYATIV

- 11 Priyorite sou Prezans Lekòl:** Nou te lanse “iAttend” (Mwen Ale) pou aksantye enpòtans ale lekòl regilyèman. Inisyativ la gen ladan siveyans depre e rapòte absans elèv, rele paran yo, e plis mezi dirèk ki gen ladan vizit lakay, konsèy ak rekòmasyon pou ajans deyò lekòl yo.
- 12 Repanse Disiplin:** Kòm yon altènativ pou sispansyon deyò, nou te ouvri 10 sant siksè kòm yon fason pou enpleman pratik disiplin efikas san retire nan tan enstriksyonèl valab elèv dwe fè lekòl.
- 13 Aksantye sou Valè Debaz yo:** Kanpay ‘Values Matter’ souliyen yon diferan valè debaz chak mwa: Sitwayènte, Kowoperasyon, Jistis, Onètete, Entegrite, Jantiyès, Pousuit Ekselans, Respè, Responsablite.
- 14 Sitwayènte Dijital:** M-DCPS te pwomote itilizasyon responsab medya sosyal pami elèv, paran, ak edikatè. Kanpay sitwayènte dijital la ranfòse enpòtans itilizasyon medya sosyal ak teknoloji pou amelyore opòtinite aprantisaj.

## DIRIJE AVÈK VIZYON

- 15** **Komisyon Konsèy Lekòl la Pran Devan pou Kreye So Aprann Li ak Ekri nan De (2) Lang:** Aprè Miami-Dade te fin kreye Biliteracy Seal la, Lejislati Florid te apwouve yon "State Seal of Biliteracy Program" istorik pou rekonèt elèv ki etidye e metrize Lang Mondyal.
- 16** **Ekselans nan Rapò Finansye:** Pou 31yèm ane konsekitif, "(GFOA)" (Asosyasyon Ofisye Finans Gouvènman Etazini ak Canada) bay Komisyon Konsèy M-DCPS la Sètifika Akonplisman pou Ekselans nan Rapò Finansye Anyèl Konpreyansif li a.
- 17** **Prim Lidè Edikasyonèl Prestijye:** Yo te bay Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho Prim nan Edikasyon 2016 Harold W. McGraw, Jr. pou "direksyon egzanplè li nan ogmante estanda e amelyore to gradyasyon nan yon distri iben konplèks." Yo nonmen li tou kòm Meyè Sipèntandan Lekòl Magnet ann Amerik pou Ane 2016 la pou efò li fè nan ogmante pwogram magnet/chwa nan M-DCPS.
- 18** **Nominasyon nan Komisyon Gouvènans Evalyasyon Nasyonal:** Sekretè Edikasyon Etazini Arne Duncan te nonmen Carvalho nan Komisyon Gouvènans Evalyasyon Nasyonal la, ki egzamine pwogrè edikasyon e efè li sou pèfòmans elèv.

## MENDÈV TRÈ KALIFYE

- 19** **Lidè Lekòl yo Rekonèt Nasyonalman:** Yo nonmen Martin T. Reid, direktè 'Arthur & Polly Mays Conservatory of the Arts' ki genyen prim, Meyè Direktè Lekòl Magnet pou Ane 2016 la.
- 20** **Yo Nonmen yon Pwofesè Veteran pou Tòp Prim nan Eta a:** Yo chwazi Precious Symonette nan Lekòl Segondè Miami Norland kòm finalis pou Meyè Pwofesè Florid 2015-16. Yo te nonmen li Meyè Pwofesè Francisco R. Walker 2017 nan Miami-Dade an janvyè.
- 21** **Kat Edikatè Resevwa Onè nan Men (FAEA):** Patricia Cummins, ki fèk retirete nan Lekòl Elemantè Palmetto, ranpòte prim lekòl elemantè a; Lourdes Fuller, Lekòl Mwayen Shenandoah, ranpòte prim lekòl Mwayen an; Beth Goldstein, Lekòl Segondè Miami Springs, se Meyè Edikatè Ar nan Florid pou Ane a; e Dtè. Miguel A. Balsera, direktè Miami Arts Studio 6yèm-12yèm ane nan Zelda Glazer ranpòte prim Meyè Direktè FAEA a.

## "GENERAL OBLIGATION BOND (GOB)" AK EFÈ EKONOMIK

- 22** **Modènizasyon Lekòl:** Jiskaprezan, nou fini 75 pwojè GOB an 2015-2016, ak \$132.2 milyon nou depanse sou kapital ak teknoloji. Sa se pi gwo investisman nan yon sèl ane lekòl depi vòt GOB a an 2012, ki mete investisman total nan lekòl nou yo a prèske \$302 milyon.
- 23** **Efè sou Kominote a:** Nou sètifye 145 Ti Biznis ak Mikwo Biznis pou travay avèk distri a depi jiyè 2015; 137 nan yo se Antrepriz Biznis Minoritè/Fi Posede. An total, M-DCPS sètifye 782 Ti Konpayi ak Mikwo konpayi, e 862 konpayi Antrepriz Minoritè/Fi Posede, ki prepare pou travay nan lekòl nou yo.

## SEKIRITE NAN LEKÒL YO

- 24** **Akreditasyon:** 'Miami-Dade Schools Police Department (MDSPD)' te resevwa Akreditasyon Aplikasyon Lalwa Florid dèsk li kenbe pi gwo estanda pwofesyonnel. Aprè yon pwosesis rijid, MDSPD te akonpli kondisyon dezirab akreditasyon aplikasyon lalwa sa a nan konfòme li avèk 246 estanda ki reprezante meye pratik nan operasyon aplikasyon lalwa ak administrasyon.

## BYENNÈT

- 25** **Pwogram Aktivite Fizik yo Rekonèt Nasyonalman:** 22 lekòl M-DCPS te resevwa Prim Nasyonal "Let's Move! Active Schools" nan men premyè Dam Michelle Obama, plis pase nenpòt lòt gwo distri iben Ozetazini.
- 26** **Edikasyon Fizik Inovatif:** Nouvo pwogram atletik la gen ladan sant aktivite fizik avèk teknoloji wo ki konsantre sou edikasyon plizyè sans ak 'Geocaching' pou elèv lekòl mwayen.
- 27** **Konsantrasyon sou Elèv, Anplwaye ak Kominote a:** Pou premye fwa, nou te ofri vaksinasyon gratis nan 150 lekòl Miami-Dade e nou te ouvri yon nouvo klinik sante nan Lekòl Segondè Miami Northwestern pou sèvi kominote a.
- 28** **Kous pou Edikasyon:** Plis pase 2,000 pwofesè, elèv, paran ak sipòte nan kominote a te met ansanm pou sipòte edikasyon nan premye Defi 5K Sipèntandan an, ki te fèt pou pwomote sante ak byennèt nan lekòl nou yo ak kominote a.
- 29** **Inisyativ Manje ki Bon pou Lasante te Kòmanse:** Distri a te lanse nouvo seleksyon manje ki gen ladan pwogram "Lean & Green" (Manje San Grès ak Legim), manje popilè tankou ji fwi 'Naked Juice', 'Greek yogurt' ki gen anpil pwoteyin, sandwich pou vejetaryen. Nou te entwodui ane sa a tou nouvo asyèt won dekonpozab e òganik.

## BONJAN PRATIK FINANSYE

- 30** **Tòp Prim Bidjè Gouvènmantal:** GFOA te onore M-DCPS avèk Prim Prezantasyon Bidjè Distenge ki trè dezirab, ki se pi gwo onè li bay, e sèl prim nasyonal posib nan bidjè gouvènmantal.

## SUIV NOU



@MDCPS  
@MiamiSup



MiamiSchools  
AlbertoMCarvalho1



MiamiSchools  
MiamiSup